

SI REZILTA TÈS OU AN NEGATIF

Si ou **pa** genyen okenn sentòm COVID-19 la, ou pa bezwen separe ou de lòt moun nan kay ou epi ou kapab al travay sof si ou se yon kontak pwòch yon moun ki genyen COVID-19 la. Sepandan, li enpòtan pou kontinye pratike prekosyon abityèl yo tankou lave men ou souvan avèk savon ak dlo, mete yon pwoteksyon pou vizaj lè ou deyò lakay ou, epi rete omwen 6 pye distans lwen lòt moun tout tan sa posib. Si ou se yon kontak pwòch yon moun ki genyen COVID-19 la, ou dwe rete lakay ou pandan 14 jou aprè dènye ekspozisyon ou an epi siveye tèt ou pou nenpòt sentòm.

Si ou genyen **efektivman** sentòm COVID-19 la, menm si rezilta tès ou an negatif, rete lakay ou pandan omwen **24 èdtan** aprè lafyèyè ou an ale san ou pa itilize medikaman pou bese lafyèyè yo epi sentòm ou yo te kòmanse amelyore. Si sentòm ou yo vin pi grav oswa yo pa amelyore, rele founisè swen sante ou an pou diskite sou lòt bagay ki kapab te rann ou malad oswa si ou dwe fè yon lòt tès pou COVID-19. Si ou bezwen yon pwofesyonèl swen sante, rele 844-692-4692 oswa **311**. Swen sante disponib kèlkeswa sityasyon imigrasyon ou oswa kapasite w pou peye.

SI REZILTA TÈS OU AN POZITIF, SEPARÈ TÈT OU DE Lòt MOUN YO TOUSWIT

Separe tèt ou de lòt moun pou anpeche yo vin malad. Pou **separe tèt ou an sekirite**, rete nan pwòp chanm ou san prezans okenn lòt moun epi itilize yon saldeben apa si sa posib. Mete yon pwoteksyon pou vizaj si ou dwe rete bò kote lòt moun, epi rete omwen 6 pye distans lwen lòt moun. Si ou pa ka izole tèt ou lakay ou an tout sekirite, rele 844-692-4692 pou fè aranjman pou yon chanm otèl gratis.

Ou dwe rete izole jiskaske tout kondisyon ki annapre la yo ranpli:

1. Sa genyen **omwen 10 jou** depi:
 - a. Ou te kòmanse santi ou malad **oswa**
 - b. Dat ou te fè tès la (si ou pa te santi ou malad)
2. Ou pa te genyen yon lafyèyè pandan omwen **24 èdtan san** ou pa pran medikaman pou bese lafyèyè ak pou redwi doulè (tankou Advil, Motrin, Tylenol oswa aspirin)
3. Tout maladi ou an te amelyore.

Si ou devlope pwoblèm pou respire, doulè oswa presyon pèsistan nan pwatrin ou, konfizyon, enkapasite pou rete jeklè, po bouch oswa vizaj ki vin ble, oswa tout lòt kondisyon ijans, rele 911.

PALE AK PWOFEYONÈL SWEN SANTE OU AN

Rele pwofesyonèl swen sante ou an pou fè li konnen ke rezilta tès COVID-19 ou an te pozitif. Si ou se yon moun aje oswa ou genyen yon pwoblèm sante alabaz, pwofesyonèl ou an kapab genyen plis enstriksyon pou asire sekirite ou epi kontinye swen ou an.

Si ou bezwen yon pwofesyonèl swen sante, rele 844-692-4692 oswa **311**. Swen sante disponib kèlkeswa sityasyon imigrasyon ou oswa kapasite ou pou peye.

PREPARE OU POU NYC TEST & TRACE

Si rezilta tès ou an pou COVID-19 la te pozitif, yon Retrasè Kontak NYC Test & Trace ki resevwa fòmasyon pral rele pou ede ou rete an sekirite. Selon konpayi telefòn ou an, idantifikasyon moun k ap rele a kapab genyen "COVID," "NYC Test + Trace," oswa li kapab kòmanse ak "212-540-" oswa "212-240-."

Retrasè Kontak La pral:

- Ede ou separe tèt ou an sekirite pou ou pa pwopaje COVID-19 bay lòt moun.
- Ede ou ak nenpòt sipò ou kapab bezwen, sa ki genyen ladan swen medikal, manje, oswa yon espas gratis pou ou rete.
- Mande non ak enfòmasyon pou kontakte lòt moun ou te an kontak pwòch ak yo dènyèmman epi ki kapab te ekspoze ak COVID-19 la.
- Rele kontak pwòch ou yo pou enfòmasyon yo ke yo te petèt ekspoze ak COVID-19 la epi yo dwe fè tès. Yo p ap janm bay non ou, epi y ap konsève vi prive ou.

Tanpri reponn kesyon Retrasè Kontak la onètman — yo la pou ede ou epi kenbe lòt moun an sekirite. Epi youn Retrasè Kontak kapab vizite ou lakay ou si yo pa ka jwenn ou nan telefòn. L ap genyen idantifikasyon pou pwouve li se yon Retrasè Kontak. Vizite **TestandTrace.NYC** pou jwenn plis enfòmasyon.



FASON POU PREPARE OU POU APÈL LA

ETAP 1. Detèmine kilè ou kapab te ekspoze lòt moun ak COVID-19 la

Ekri dat sa yo pou Retrasè Kontak la ka ede ou jwenn lòt moun ki kapab te ekspoze.

(a) Eseye sonje dat ou te premye santi ou malad la.

Dat ou **te premye santi ou malad** la.

oswa

Dat ou te ale nan COVID Express pou fè tès la, si ou pa te santi ou malad.

_____/_____/_____

(b) Kounyeya, ekri dat **de jou anvan dat sa**.

_____/_____/_____

(c) Apresa, ekri dat ou te kòmanse **izole tèt ou de lòt moun**.

_____/_____/_____

Dat yo ki sitiye ant epi ki gen (b) ak (c) ladan se lè lòt moun yo gendwa te ekspoze ak COVID-19 la.

ETAP 2. Site moun ou te an kontak pwòch avèk yo

Site tout moun ou te pase tan avèk yo ant dat ki endike nan (b) ak (c), dat ki site yo ladan tou.

Sa genyen ladan:

- Moun ou viv avèk yo
- Moun ou te genyen avèk yo relasyon entim ki fizik oswa seksyèl
- Moun ki te bay sèvis lakay ou si yo te nan distans 6 pye de oumenm pandan omwen 10 minit
- Moun ou travay avèk yo si yo te nan distans 6 pye de oumenm pandan omwen 10 minit
- Lòt moun ou te nan distans 6 pye avèk yo pandan omwen 10 minit

Si rezilta tès ou an pozitif, ou ka touswit di moun ki sou lis sa a ke yo dwe fè yon tès COVID-19 epi kòmanse izole tèt ou de lòt moun, si ou alèz pou fè sa. Yon Retrasè Kontak pral kontakte chak moun pou ede yo fè tès epi ba yo swen yo bezwen. Retrasè Kontak la p ap janm mansyone non ou oswa poze kesyon sou sityasyon imigrasyon ou. Tout enfòmasyon Retrasè Kontak la jwenn pral konsève an tout sekirite epi y ap rete konfidansyèl.